

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Tujuan panalungtikan anu judulna *Invéntarisasi jeung Analisis Struktur Puisi Mantra di Désa Jingkang Kacamatan Tanjungmedar Kabupaten Sumedang pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Sastra di SMA* nya éta pikeun mikanyaho jeung nganalisis 1) aya sabaraha puisi mantra anu kapanggih sarta papasinganana; 2) kumaha strukturna (purwakanti, wirahma, babalikan jeung citraan); jeung 3) kumaha larapna puisi mantra pikeun bahan pangajaran sastra di SMA. Tiori anu digunakeun dina papasingan puisi mantra nya éta ngagunakeun tiori Rusyana, sedengkeun dina nganalisis puisi mantrana ngagunakeun tiori strukturalisme puisi nu ngawengku unsur purwakanti, wirahma, babalikan jeung citraan. Métode dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun métode déskriptif analisis, dilakukeun ku cara nganalisis tuluy didéskripsikeun dumasar kana fakta-faktanu aya.

Hasil invéntarisasi puisi mantra di Désa Jingkang Kacamatan Tanjungmedar Kabupaten Sumedang, mantra anu kapanggih jumlahna aya 45 ti 6 urang narasumber. Puisi mantra anu geus dibéré kode mantra, tuluy dipasing-pasing dumasar kana tiori Rusyana. Papasingan puisi mantra Rusyana éta dumasar kana fungsi atawa tujuan makénamantra anu ngawengku genep golongan nya éta 12 asihan, 8 jangjawakan, 6 ajian, 8 singlar, 1 rajah, sarta 10 jampé.

Puisi mantra nu aya di Désa Jingkang jumlahna aya 45 mantra, anu dianalisis mung satengahna nya éta 23 mantra dumasar kana tiori struktural (purwakanti, wirahma, babalikan sarta citraan). Mantra nu dianalisis ngawengku 6 asihan, 4 jangjawakan, 3 ajian, 4 singlar, 1 rajah jeung 5 jampé. Sabada dianalisis, mantra ti Désa Jingkang dicindekkeun yén purwakanti nu dipaké nganalisis mantra ngawengku purwakanti adusari jeung aduraras wiwit, adusari jeung aduraras welit sarta adusari jeung aduraras wekas. Purwakanti anu mindeng kapanggih nya éta purwakanti aduraras wiwit jeung aduraras wekas (konsonan di awal jeung di ahir). Wirahma mantra anu geus dianalisis polana henteu matok, jumlah engang, jumlah randegan jeung pola engang dina unggal padalisan béda jumlahna. Jumlah engang nu réa kapanggih nya éta nu diwangun ku 8 engang nu pola engangna 4-4 jeung 5-

5.Babalikan anu mindeng kapanggih nya éta babalikan runtuy, nu ngawengku runtuy puhu (kecap nu dibalikan aya di puhu jajaran), runtuy tengah (kecap nu dibalikan aya di tengah jajaran), sarta runtuy pungkas (kecap nu dibalikan aya di pungkasan).Citraan nu kapanggih dina mantra nu geus dianalisis nya éta aya citraan rasa, citraan panempo jeung citraan pangrungu. Citraan nu mindeng kapanggih dina mantra nya éta citraan rasa sarta citraan gabungan, boh tina dua citraan atawa tina tilu citraan

Puisi mantra nu geus dianalisis, aya sababaraha anu bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran Sastra Sunda di sakola SMA.Éta nilik kana segi basa, segi psikologi jeung kasang tukang budaya.Puisi mantra anu dipilih pikeun dijadikeun alternatif bahan pangajaran nya éta puisi mantra anu judulna asihan Dewi Sinta, asihan si Kembang Haréndong, Jangjawokan paranti ngarih béas anyar, ajian kajayaan, singlar sahadat, rajah paranti ka walungan jeung jampé sangkan teu karacunan.

## 5.2 Saran

Panalungtikan ngeunaan mantra ngandung mangpaat anu kawilang gedéna, sabab bisa ngeuyeuban pangaweruh karya sastra Sunda. Ku kituna, aya saran pikeun Lembaga Kabudayaan Kabupatén Sumedang, murid; mahasiswa; guru; jeung masarakat umum.

**Lembaga Kabudayaan Kabupatén Sumedang**dipiharep bisa ngainvén tarisir seni jeung budaya Sunda nu aya di Kabupatén Sumedang nu sakitu euyeubna, nu engkéna baris di dokuméntasikeun jeung dibukukeun sangkan dipikanyaho ku balaréa. **Murid** di sakola SMA dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi alternatif bahan ajar sastra jeung budaya Sunda sarta ngahudang kana karep diajar. **Mahasiswa** mudah-mudahan kahareupna bisa nalungtik deui ngeunaan puisi mantra kana garapan anu leuwih husus sangkan kaguar hal-hal séjénnna ngeunaan puisi mantra di Sumedang. **Guru** dipiharep bisa ngalarapkeun tina hasil ieu panalungtikan sangkan digunakeun jadi bahan ajar di sakola-sakola. Sarta **Masarakat umum** mugia ngajadikeun ieu panalungtikan salaku élmu anu bisa nambahán pangaweruh ngeunaan karya sasrta Sunda jeung ngajaga tur ngariksa karya sastra Sunda nu aya di Kabupatén Sumedang hususna di Désa Jingkang.

Dianawati, 2015

INVÉNTARISASI JEUNG ANALISIS STRUKTUR PUISI MANTRA DI DÉSA JINGKANG KACAMATAN  
TANJUNGMEDAR KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN SASTRA DI SMA  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu